


KIJAN OU KA REDUI CHANS POU W FÈ SEZARYÈN



ÈSKE W TE KONNEN?

Èske w te konnen lopital yo fè plis sezaryèn kounye a ke anvan? Ann di ou gen yon gwosès nòmal, an sante.




Nan yon lopital,
chans pou w fè
sezaryèn ta ka se

2 sou 10



Nan yon lòt, se

3 sou 10



Epi nan yon lòt, li ta
ka osi wo tankou

5 sou 10

POUKISA DIFERANS LAN?

Pafwa, sezaryèn nesesè. Men gen kèk lopital ki pi rapid fè sezaryèn pase lòt, menm lè yo te ka evite sa.

Sa gen enpòtans paske si yon fanm fè sezaryèn, gen plis chans pou gen konplikasyon, tankou enfeksyon ak pèt anpil san.

Epi se yon gwo operasyon li ye, kidonk, sa pran plis tan pou manman an geri.

SE AKOUCHMAN OU

Pale ak doktè ou an, enfimyè, fanm saj ak manm fanmi ou yo. Fè yo konnen ou sèlman vle fè sezaryèn si sa nesesè toutbonvre. Epi, mande ki fason ou ka travay ansanm ak yo pou redwi chans ou yo.



OPINYON OU ENPÒTAN

Lè ou aji bonè, ou ka fè diferans pou ou ak tibebe w la. Edike tèt ou. Epi pale ak ekip ou an jodi a.

Pou plis enfòmasyon, ale nan: MyBirthMatters.org



California
Health Care
Foundation

CMQCC

California Maternal
Quality Care Collaborative



Se Departman Sante Florid ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante ki distribye yo. Se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (HRSA) Departman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) Etazini ki siphote distribisyon piblikasyon sa a nan kad yon sibvansyon \$19,731,221 kote zewo pouusan finanse avèk sous ki pa resous gouvenman an. Sa ki ladan se responsabilite otè a (yo) sèlman, epi yo pa nesèsèman reflete opinyon ofisyèl, ni apwobasyon, HRSA, HHS oswa Gouvènman Ameriken an. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou HRSA.gov.